## SECONDARY SCHOOL EXAMINATION – 2022 (ANNUAL)

**Model Set**

**Sub. Code – 109/209**

## BHOJPURI (SIL)

**द्वितीय भारतीय भाषा – भोजपुरी**

| | |
|---|---|
| **समयः 3 घंटे 15 मिनट** | **पूर्णांक–100** |
| **Time : 3 Hrs. 15 Minutes** | **Full Marks : 100** |
| **कुल प्रश्नों की संख्या : 100 + 6 = 106** | **कुल पृष्ठों की संख्या – 20** |
| **Total No. of Questions : 100 + 6 =106** | **Total No. of pages - 20** |

***<u>परीक्षार्थियों के लिए निर्देश :–</u>***

***Instructions for the candidates :-***

1. परीक्षार्थी OMR उत्तर पत्रक पर अपना प्रश्न पुस्तिका क्रमांक (10 अंकों का) अवश्य लिखें।
2. परीक्षार्थी यथासंभव अपने शब्दों में ही उत्तर दें।
3. दाहिनी ओर हाशिये पर दिये हुए अंक पूर्णांक निर्दिष्ट करते हैं।
4. प्रश्नों को ध्यानपूर्वक पढ़ने के लिए 15 मिनट का अतिरिक्त समय दिया गया है।
5. यह प्रश्न–पत्र दो खण्डों में है, खण्ड–अ एवं खण्ड–ब।
6. खण्ड–अ में 100 वस्तुनिष्ठ प्रश्न हैं, जिनमें से किन्हीं 50 प्रश्नों का उत्तर देना अनिवार्य है। 50 प्रश्नों से अधिक का उत्तर देने पर प्रथम 50 उत्तरों का ही मूल्यांकन किया जाएगा। प्रत्येक प्रश्न के लिए 1 अंक निर्धारित है। सही उत्तर को उपलब्ध कराये गये OMR–उत्तर पत्रक में दिये गये सही विकल्प को काले/नीले

बॉल पेन से प्रगाढ़ करें। किसी भी प्रकार के ह्वाइटनर/तरल पदार्थ/ब्लेड/नाखून आदि का उत्तर–पुस्तिका में प्रयोग करना वर्जित है, अन्यथा परीक्षा परिणाम अमान्य होगा।

7. खण्ड–ब में कुल 6 विषयनिष्ठ प्रश्न हैं।

8. किसी भी तरह के इलेक्ट्रॉनिक उपकरणों का प्रयोग पूर्णतया वर्जित है।

## खण्ड–अ (वस्तुनिष्ठ प्रश्न)

प्रश्न संख्या 1 से 100 तक के प्रत्येक प्रश्न के साथ चार विकल्प दिए गए हैं, जिनमें से एक सही हैं। इन 100 प्रश्नों में से किन्हीं 50 प्रश्नों के उत्तर देने हेतु अपने द्वारा चुने गए सही विकल्प को OMR–शीट पर चिह्नित करें।

***नीचे दिहल वस्तुनिष्ठ प्रश्नन में से सही उत्तर चुनीं –*** **50x1=50**

1. अलंकार कवनो काव्य में लग के करेला –

(A) शोभा–वृद्धि (B) शोभा–कमी

(C) दूनो (D) कवनो ना

2. अलंकार के मुख्यतः भेद होला –

(A) शब्दालंकार (B) अर्थालंकार

(C) दूनो (D) कवनो ना

3. 'शब्दालंकार' कवनो काव्य में करेला ?

(A) शब्द से शोभा–वृद्धि (B) अर्थ से शोभा–वृद्धि

(C) दूनो (D) कवनो ना

4. 'अर्थालंकार' कवनो काव्य में करेला ?

(A) शब्द से शोभा–वृद्धि (B) अर्थ से शोभा–वृद्धि

(C) दूनो (D) कवनो ना

5. ‘यमक’ कवन अलंकार ह ?

(A) शब्दालंकार (B) अर्थालंकार

(C) दूनो (D) कवनो ना

6. ‘उपमा’ कवन अलंकार ह ?

(A) शब्दालंकार (B) अर्थालंकार

(C) दूनो (D) कवनो ना

7. ‘अग्नि’ शब्द ह –

(A) तत्सम (B) तद्‌भव

(C) देशज (D) विदेशज

8. ‘आग’ शब्द ह –

(A) तत्सम (B) तद्‌भव

(C) देशज (D) विदेशज

9. ‘तरूआरि’ शब्द ह –

(A) तत्सम (B) तद्‌भव

(C) देशज (D) विदेशज

10. ‘फुलपैंट’ शब्द ह –

(A) तत्सम (B) तद्‌भव

(C) देशज (D) विदेशज

11. ‘जहँवा सूई ना समाय तहँवा हेंगु समवावल’ मुहावरा के अर्थ ह –

(A) सरल काम भइल (B) कठिन काम भइल

(C) काम भइल (D) काम ना भइल

12. 'आगि में कूदल' मुहावरा के अर्थ ह –

(A) कठिन काम कइल (B) सरल काम कइल

(C) काम कइल (D) काम ना कइल

13. 'नीलकंठ' कवन समास ह ?

(A) तत्पुरूष (B) बहुव्रीहि

(C) द्वन्द्व (D) द्विगु

14. 'अंजान' कवन समास ह ?

(A) तत्पुरूष (B) द्वन्द्व

(C) द्विगु (D) नञ

15. 'चौराहा' कवन समास ह ?

(A) तत्पुरूष (B) द्वन्द्व

(C) द्विगु (D) नञ

16. 'लोटा–डोरी' कवन समास ह ?

(A) द्वन्द्व (B) तत्पुरूष

(C) द्विगु (D) नञ

17. 'त्रिवेणी' कवन समास ह ?

(A) तत्पुरूष (B) द्वन्द्व

(C) द्विगु (D) नञ

18. ध्वनि के मेल से बनेला –

(A) वर्ण (B) शब्द

(C) वाक्य (D) तीनू

19. वर्ण के मेल से बनेला –

(A) अक्षर (B) शब्द

(C) वाक्य (D) कवनो ना

20. शब्द के मेल से बनेला –

(A) वर्ण (B) अक्षर

(C) वाक्य (D) तीनू

21. वर्ण के भेद होला –

(A) पाँच (B) चार

(C) तीन (D) दू

22. शब्द के भेद होला –

(A) दू (B) तीन

(C) चार (D) पाँच

23. वाक्य के भेद होला –

(A) पाँच (B) चार

(C) तीन (D) दू

24. लिंग के भेद होला –

(A) दू (B) तीन

(C) चार (D) पाँच

25. वचन के भेद होला –

(A) पाँच (B) चार

(C) तीन (D) दू

26. पुरूष के भेद होला –

(A) दू (B) तीन

(C) चार (D) पाँच

27. संधि के भेद होला –

(A) दू (B) तीन

(C) चार (D) पाँच

28. काल के भेद होला –

(A) पाँच (B) चार

(C) तीन (D) दू

29. क्रिया के भेद होला –

(A) दू (B) तीन

(C) चार (D) पाँच

30. संज्ञा के भेद होला –

(A) पाँच (B) चार

(C) तीन (D) दू

31. विशेषण के भेद होला –

(A) दू (B) तीन

(C) चार (D) पाँच

32. 'सेतु खा रहल ह' कइसन वाक्य ह ?

(A) सरल (B) मिश्र

(C) संयुक्त (D) तीनू

33. 'दिव्या धीरे–धीरे पढ़ेली' में क्रिया–विशेषण ह –

(A) दिव्या (B) धीरे–धीरे

(C) पढ़ेली (D) कवनो ना

34. स्वर वर्ण के उच्चारण होला –

(A) बिना केकरो मदद के (B) केकरो मदद से

(C) दूनो (D) कवनो ना

35. व्यंजन वर्ण के उच्चारण होला –

(A) स्वर के मदद से (B) स्वर के मदद से ना

(C) दूनो (D) कवनो ना

36. सार्थक शब्द कहल जाला –

(A) जेकर अर्थ–बोध होला (B) जेकर अर्थ–बोध ना होला

(C) दूनो (D) कवनो ना

37. निरर्थक शब्द कहल जाला –

(A) जेकर अर्थ–बोध होला (B) जेकर अर्थ–बोध ना होला

(C) दूनो (D) कवनो ना

38. 'रीता खा रहली ह' में काल ह –

(A) वर्तमान (B) भूत

(C) भविष्यत् (D) कवनो ना

39. 'रीता खइले रही' में काल ह –

(A) वर्तमान (B) भूत

(C) भविष्यत् (D) तीनू

40. 'रीता काल्ह खइहें' में काल ह –

(A) वर्तमान (B) भूत

(C) भविष्यत् (D) कवनो ना

41. एह में कवन स्वर ह ?

(A) स (B) प

(C) अ (D) म

42. एह में कवन व्यंजन ह ?

(A) अ (B) द

(C) आ (D) इ

43. एह में कवन सार्थक शब्द ह ?

(A) कर्र–तर्र (B) सर्क–सर्ख

(C) गर्स–भर्ख (D) महल

44. एह में कवन निरर्थक शब्द ह –

(A) शहर (B) नगर

(C) चर्र–तर्र (D) गाँव

45. 'उल्लास' के संधि–विच्छेद होखी –

(A) उ + ल्लास (B) उत् + लास

(C) उल + लास (D) उल्ला + स

46. 'दुः + शासन = दुःशासन' में कवन संधि ह ?

(A) स्वर (B) व्यंजन

(C) विसर्ग (D) तीनू

47. 'सोननदी' कवन लिंग ह ?

(A) पुलिंग (B) स्त्रीलिंग

(C) दूनो (D) कवनो ना

48. 'गंगानदी' में कवन लिंग ह ?

(A) पुलिंग (B) स्त्रीलिंग

(C) दूनो (D) कवनो ना

49. जेकर अंत ना होखेला, कहलाला –

(A) अनंत (B) अजन्मा

(C) असह्य (D) अदृश्य

50. 'खून' के पर्यायवाची शब्द ह –

(A) जल (B) लहू

(C) हवा (D) भोजन

51. 'मोटकी' के विपरीतार्थक शब्द ह –

(A) करियठी (B) गोरकी

(C) पतरकी (D) लमकी

52. 'उजरकी गइया चर रहली ह' में विशेषण ह –

(A) उजरकी (B) गइया

(C) चर (D) रहली ह

53. 'ललका बैलवा जा रहल ह' में संज्ञा ह –

(A) ललका (B) बैलवा

(C) जा (D) रहल ह

54. 'सुखलाही लइकी दौड़ रहली ह' में क्रिया ह –

(A) सुखलाही (B) लइकी

(C) दौड़ (D) रहली ह

55. शिवनारायण कवि बानीं –

(A) संत कवि (B) प्रकृति कवि

(C) हास्य कवि (D) वीर कवि

56. पलटू दास कवि बानीं –

(A) संत कवि (B) प्रकृति कवि

(C) हास्य कवि (D) वीर कवि

57. शिवनारायण कवि के भगति रहे –

(A) सगुन (B) निरगुन

(C) दूनो (D) कवनो ना

58. पलटूदास कवि के भगति रहे –

(A) सगुन (B) निरगुन

(C) दूनो (D) कवनो ना

59. शिवनारायण कवि के भगवान बानीं –

(A) साकार (B) निराकार

(C) दूनो (D) कवनो ना

60. पलटूदास कवि के ईश्वर बानीं –

(A) साकार (B) निराकार

(C) दूनो (D) कवनो ना

61. शिवनारायण कवन काल के कवि बानीं ?

(A) आदिकाल (B) भक्तिकाल

(C) सिंगार काल (D) आधुनिक काल

62. पलटू दास कवन काल के कवि बानीं ?

(A) आदिकाल (B) भक्तिकाल

(C) सिंगार काल (D) आधुनिक काल

63. पलटूदास किनका ले प्रभावित रहनीं ?

(A) तुलसीदास (B) कबीरदास

(C) सूरदास (D) जायसी

64. 'सगरे जहान भोजपुरिया' के विधा ह –

(A) कविता (B) कहानी

(C) उपन्यास (D) एकांकी

65. 'बाएन' के विधा ह –

(A) कहानी (B) कविता

(C) निबंध (D) जीवनी

66. भोजपुरियन के अंग्रेज कहवाँ ले गइल रहन ?

(A) इंगलैंड (B) फ्रांस

(C) इटली (D) मारीशस

67. भोजपुरियन के अंग्रेज काहे खातिर भारत से ले गइल रहन सन ?

(A) घूमाबेला (B) टहले–बुल्लेला

(C) ईख के खेती करेला (D) पढ़ावे–लिखावेला

68. भोजपुरियन के कवना चीज पर चढ़ा के अंग्रेज ले गइल रहन सन ?

(A) पैदल पाँव (B) हवाई जहाज

(C) पनिया के जहाज (D) बस–ट्रक प लाद के

69. 'मरीचिया' केकर दूसरका नाँव ह ?

(A) फीजी (B) सूरीनाम

(C) मारीशस (D) गुवाना

70. सर शिवसागर राम गुलाम मारीशस के का रहीं ?

(A) राष्ट्राध्यक्ष (B) राष्ट्रकवि

(C) राष्ट्रपिता (D) राष्ट्र गायक

71. दूसरका भारत केकरा कहल जाला ?

(A) फीजी (B) मारीशस

(C) गुवाना (D) सूरीनाम

72. 'बाएन' के नायक ह –

(A) जीतन (B) मीतन

(C) सीतन (D) रीतन

73. बाएन के नायिका ह –

(A) सुगिया (B) मुंगिया

(C) रूनिया (D) चुनिया

74. 'हमरा लछुमन के उर्मिला मिल गइल' केकर कथन ह ?

(A) जीतन (B) अभिलाख ठाकुर

(C) सुगिया (D) ढोंढाई राम

75. 'तेतर बेटी राज रजाबे, तेतर ....... भीख मँगाबे' में छूटल शब्द ह –

(A) बेटा (B) लोटा

(C) खोंटा (D) झोंटा

76. 'प्रथम क्रांतिकारी वीर' केकरा कहल गइल बा ?

(A) बाबू कुंवर सिंह (B) फतेह बहादुर शाही

(C) महाराणा प्रताप (D) पृथ्वीराज चौहान

77. फतेहशाही केकरा से लोहा लेले रहीं ?

(A) मुगल से (B) पठान से

(C) अंग्रेजन से (D) फ्रांसिसी से

78. फतेहशाही कइसन युद्ध करत रहीं ?

(A) आमने–सामने के युद्ध (B) छापामार युद्ध

(C) गुरिल्ला युद्ध (D) कवनो ना

79. बंकजोगिनी का रहे ?

(A) गढ़ (B) वन

(C) युद्ध के मइदान (D) तीनू

80. डॉ0 अंबेडकर कहवाँ से एम0 ए0 कइले रहीं ?

(A) कोलंबिया विश्वविद्यालय (B) लंदन विश्वविद्यालय

(C) दिल्ली विश्वविद्यालय (D) पटना विश्वविद्यालय

81. डॉ0 अम्बेडकर कहवाँ से पी–एच0 डी0 कइले रहीं ?

(A) कोलंबिया विश्वविद्यालय (B) लंदन विश्वविद्यालय

(C) दिल्ली विश्वविद्यालय (D) पटना विश्वविद्यालय

82. डॉ0 अंबेडकर आपन अंतिम समय कवन धर्म स्वीकार कइले रहीं ?

(A) हिन्दू (B) बौद्ध

(C) सिख (D) ईसाई

83. तकषी शिव शंकर पिल्लै के जनम भइल रहे –

(A) बिहार (B) कर्नाटक

(C) केरल (D) तेलंगाना

84. 'मत्तन के कहानी' के मूल भाषा ह –

(A) हिन्दी (B) तमिल

(C) तेलगू (D) मलयालम

85. बरखा ऋतु के गरियाबे ला –

(A) खेले–कूदेवाला (B) लइकन–फइकन

(C) रोज कमाये, रोज खाये वाला (D) किसान

86. कवि केकरा मिलि के कजरी गावे के कहले बानीं ?

(A) बाघ–हरिन (B) मोर–साँप

(C) दूनो (D) कवनो ना

87. जगलाल चौधरी आपन बाबूजी के का बेचे से मना कइले रहीं ?

(A) सब्जी (B) दूध

(C) खेत (D) ताड़ी

88. जगलाल चौधरी देवघर विद्यापीठ में अनशन पर बैठल रहीं –

(A) अमीरी के खिलाफ (B) छुआछूत के खिलाफ

(C) गरीबी के खिलाफ (D) कवनो ना

89. अमृता प्रीतम के पुरस्कार मिलल रहे –

(A) भारत रत्न (B) ज्ञानपीठ

(C) नोबेल (D) पद्मश्री

90. अमृता प्रीतम के आत्मकथा ह –

(A) पिंजर (B) रसीदी टिकट

(C) माटी का देवता (D) रूक जा आदित्य

91. अमृता प्रीतम के उपन्यास ह –

(A) माटी का देवता (B) रूक जा आदित्य

(C) पिंजर (D) एक और कर्ण

92. 'हीर–राँझा' प्रेम लोककथा के गीतकार रहन –

(A) डॉ0 सत्येन्द्र सुमन (B) अमृता प्रीतम

(C) गोरख पांडेय (D) वारिस शाह

93. 'बेयालिस के साथी' कविता में कवन मौसम के वर्णन बा ?

(A) जाड़ा (B) बरसात

(C) गरमी (D) वसंत

94. भोजपुरी फिल्म में उजागर होखेला –

(A) भोजपुरी संस्कृति (B) बंगाली संस्कृति

(C) आदिवासी संस्कृति (D) द्रविड़ संस्कृति

95. 'गोरख पांडे के भोजपुरी गीत' प्रकाशित कइले बा –

(A) डायमंड प्रकाशन (B) नेशनल बुक ट्रस्ट, नई दिल्ली

(C) अंजान प्रकाशन, पटना (D) शाश्वत प्रकाशन

96. 'गोरख पांडेय के भोजपुरी गीत' के संपादक रहीं –

(A) डॉ0 सत्येन्द्र सुमन (B) जीतेन्द्र वर्मा

(C) डॉ0 धीरेन्द्र वर्मा (D) डॉ0 विद्या निवास मिश्र

97. एशियाई खेल में पहिल बेर कब कबड्डी के मान्यता मिलल रहे ?

(A) 1982 (B) 1986

(C) 1990 (D) 1994

98. 'आग पर ......... रहल जिन्दगी' में छूटल शब्द ह –

(A) खप (B) छप

(C) तप (D) झँप

99. 'डोमकच' कइसन नाटक बा ?

(A) शिष्ट नाटक (B) लोकनाटक

(C) नौटंकी (D) विदेसिया

100. डोमकच से मिलत–जुलत नाटक ह –

(A) नौटंकी (B) विदेसिया

(C) रामलीला (D) जट–जटिन

## खण्ड – ब

## विषयनिष्ठ प्रश्न

1. कवनो एक विषय पर निबंध लिखीं – 1x10=10

क. दिवाली    ख. नारी–शिक्षा    ग. मँहगाई

घ. युवा–असंतोष    ङ. बेरोजगारी

2. कवनो एगो के पत्र–लेखन करीं – 1x5=5

क. फीस माफ करे खातिर प्रधानाध्यापक के लगे आवेदन–पत्र लिखीं।

अथवा

ख. आपन जीवन का लक्ष्य बताबित बाबूजी लगे पतरी लिखीं।

3. नीचे दिहल गद्यांश के पढ़ीं आ पूछल प्रश्नन के उत्तर लिखीं – 5x2=10

(i) अमर सिंह, चारो ओर खबर भेज द जीत के। खुशी में खाली जगदीशेपुर में ना सगरो दिवाली मनावल जाई। आज के दिवाली इतिहास खातिर अजबे दिवाली होई। पहिले लोग दीआ में तेल जरावत नु रहे। अब एह दिवाली में बहादुर भाइअन के खून जरत रही। लाल–लाल लहू से भोजपुर का लाल सब मिलि के भारत माता के माँग लाल कइले बाड़न।

क. अमर सिंह के का कहाइल रहे ?

ख. खुशी में का करे के योजना बनल रहे ?

ग. आज के दिवाली के का होई ?

घ. पहिले आ आज के दिवाली में का अंतर होखी ?

ङ. भोजपुर का लाल सब मिलि के का कइले रहीं ?

अथवा

(ii) साहित्य के आधार जीवन होखेला। एही नींव प साहित्य के देबाल खाड़ होखेला। जीवन परमात्मा का सृष्टि ह त सरल, सुबोध, सहज आ बोधगम्य ह। जीवन परमात्मा खातिर जवाबदेह ह इया ना हमरा नइखे मालूम बाकी साहित्य जीवन खातिर जवाब देह ह। मनुष्य सभ दिन से आनंद के खोज में रहल ह त साहित्य ओकरा आनंद देबेला।

क. साहित्य के आधार का होखेला ?

ख. साहित्य के देबाल का पर खाड़ होखेला ?

ग. जीवन का ह ?

घ. जीवन आ साहित्य में का साम्य–वैषम्य ह ?

ङ. मनुष्य के आनंद कहवाँ मिलेला ?

4. नीचे दिहल गद्यांश के पढ़ीं आ पूछल़ प्रश्नन के उत्तर दीहीं – 5x2=10

(i) ओही घरी गउरी आवत बिआ। ओकरा हाथि में रहरि के एगो छिकुनी बा। ई लाठी ह। ओह में एक मुट्ठी दूबि बान्हि के लटकाबल बा। ऊ सरली के घर के मरद हउवे। खेत में से घासि गरिह के लवटल बा। सरली एक बित्ता के लकड़ी पर माँटी के ढेला धइ के दे देत बिआ। ओही घरी बगल में हाला होत बा – 'चोर आइल .......... चोर आइल।'

क. ओही घरी के आवत बिआ ?

ख. ओकरा हाथि में का बा ?

ग. एक मुट्ठी दूबि का में लटकाबल बा ?

घ. सरली का देत बिआ ?

ङ. ओही घरी का भइल रहे ?

अथवा

(ii) विदेश में छाम–छूम ढ़ेर बा। सब कुछ देखाबा के बा। ऊपरी रंग–रूप देखि के मोह में परि जाइब। .......... पइसबि त डरे कठुआ जाईबि। नीचे के हाल–बेहाल। ओसहीं जइसे अंगरेजी जूता के ऊपर रंग–पालिश के चमक, बाकी नीचे अंडरवास बा। विदेशी माल में चमक के चकचबन्ही भरल बा। देसी पनही के जस नीचे तस ऊपर। नीचे–ऊपर में भेद–भाव नइखे।

क. विदेश में का बा ?

ख. विदेशी सामान देखि के का होला ?

ग. अंगरेजी जूता कइसन होखेला ?

घ. विदेशी माल में का भरल बा ?

ङ. देसी पनही कइसन होखेला ?

5. कवनो पाँच गो प्रश्नन के उत्तर दीहीं – 5x2=10

क.  संत शिवनारायण के परिचय दीहीं।

ख.  मारीशस में भोजपुरियन के स्थिति बताईं।

ग.  संत पलटू दास के भगति बताईं।

घ.  श्रम आ श्रमिक के महत्त्व का होखेला ?

ङ.  कबड्डी खेल का बारे में का जानीला ?

च.  भोजपुरी फिल्म पर छोटहन लेख लिखीं ?

छ.  फतेह बहादुर शाही अंग्रेजन से काहे लड़त रहीं ?

ज.  एड्स रोग पर प्रकाश डालीं।

झ.  जगलाल चौधरी पर छोटहन लेख लिखीं।

ञ.  डॉ0 अंबेडकर के परिचय दीहीं।

6. कवनो एगो प्रश्न के उत्तर दिहीं – 1x5=5

क.  कवनो कहानी के समीक्षा लिखीं।

ख.  कवनो कविता के भाव स्पष्ट करीं।

ग.  भोजपुरी में पढ़ाई के का स्थिति बा ?